दिन–रविवार दिनांक–14.06.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केंद्रीय स्वास्थ्य मंत्री जे. पी. नड्डा कहलनि अछि जे पछिला बारह वर्ष मे देशक स्वास्थ्य सेवा मे विशेष सुधार भेल अछि। ओ कहलनि जे स्वस्थ नागरिक देशक सभ सँ पैघ ताकत छथि। सोशल मीडिया पर एक पोस्ट मे श्री नड्डा कहलनि जे आयुष्मान भारत योजना, आयुष्मान आरोग्य मंदिर आ आन डिजिटल स्वास्थ्य सेवाक माध्यम सँ बेसी लोक धरि इलाजक सुविधा पहुँचि रहल अछि। श्री नड्डा कहलनि जे देश मे एम्स के संख्या एक सँ बढ़ि कऽ तेइस भऽ गेल अछि। ओतहि, केंद्रीय मंत्री पीयूष गोयल कहलनि अछि जे भारत आइ विश्वक कतेको सभ सँ पैघ स्वास्थ्य योजना सभक सफलतापूर्वक संचालन कऽ रहल अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे ओ कहलनि जे सरकारक उद्देश्य ई सुनिश्चित करब अछि जे बीमारीक कारणे कोनो परिवार पर आर्थिक बोझ नहि पड़य।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ पटना स्थित विद्युत भवन मे ऊर्जा विभागक एक हजार दू सय अठहत्तरि करोड़ टाकाक योजना सभक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। श्री चौधरी पीएम सूर्य घर मुफ्त बिजली योजनाक अंतर्गत एक हजार पाँच सय बारह करोड़ टाकाक लागति सँ अढाई लाख कुटीर ज्योति उपभोक्ता लोकनिक घरक छत पर सौर ऊर्जा संयंत्र लगेबाक काज के शुभारंभ सेहो कयलनि। एम्हर, मुख्यमंत्री खरीफ महा अभियान दू हजार छब्बीसक अंतर्गत किसान जागरूकता वाहन कें हरियर झंडी देखा कऽ विदा कयलनि। एहि वाहनक माध्यम सँ राज्यक विभिन्न जिला सभ मे किसान लोकनि कें खरीफ फसिल के उन्नत खेती, आधुनिक कृषि तकनीक आ सरकारी योजना सभक जनतब उपलब्ध कराओल जायत।

---

केंद्रीय सूक्ष्म, लघु आ मध्यम उद्यम मंत्री जीतन राम मांझी आ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी काल्हि बिहारक गयाजी जिलाक खिजरसराय मे एक नव प्रौद्योगिकी केंद्रक आधारशिला राखताह। एक सय सत्तरि करोड़ टाकाक निवेश सँ एहि केन्द्रक स्थापना कयल जायत। मंत्रालय कहलक अछि जे केंद्र सरकारक लक्ष्य प्रति वर्ष सात हजार युवा लोकनि कें प्रशिक्षण

देब आ रोजगार सेवा के माध्यम सँ प्रति वर्ष एक हजार सँ बेसी उद्यमी लोकनि कें सहायता प्रदान करब अछि।

———————————————————————————

बिहारक तीन पारंपरिक उत्पाद–नालंदाक बावन बूटी साड़ी आ फैब्रिक, गयाक पत्थरकट्टी स्टोन क्राफ्ट तथा भोजपुरक पिढ़िया पेंटिंग कें जीआई टैग भेटल अछि। एहि सँ एहि उत्पाद सभ कें अंतरराष्ट्रीय बाजार मे एक नव पहचान भेटत। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एहि उपलब्धि पर प्रसन्नता व्यक्त करैत राज्यक शिल्पकार, बुनकर, कलाकार आ संबंधित संस्था सभ कें बधाई देलनि अछि। श्री चौधरी कहलनि जे एहि उपलब्धि सँ बिहारक समृद्ध सांस्कृतिक विरासत, पारंपरिक कला–कौशल आ ग्रामीण प्रतिभा कें राष्ट्रीय तथा अंतरराष्ट्रीय स्तर पर नव पहचान भेटल अछि।

———————————————————————————

बिहारक महा अधिवक्ता पी.के.शाही अपन पद सँ त्यागपत्र दऽ देलनि अछि। हुनक त्यागपत्रक संगहि राज्यक सर्वोच्च कानूनी पद रिक्त भऽ गेल अछि। ओना एखन त्यागपत्र देबाक कारण के स्पष्ट जनतब नहि भेटल अछि। श्री शाही के तत्कालीन महा अधिवक्ता ललित किशोरक त्यागपत्र के बाद सोलह जनवरी दू हजार तेईस के बिहारक महा अधिवक्ता नियुक्त कयल गेल छलनि।

———————————————————————————

प्रदेशक सभ जिला मे स्थित केंद्र सभ पर आइ मद्यनिषेध सिपाही, कक्षपाल आ चलंत दस्ता सिपाही भर्तीक लेल लिखित परीक्षा दू पाली मे आयोजित कयल गेल। सिपाही भर्ती परीक्षा मे सम्मिलित होबयबला अभ्यर्थी लोकनि पाटलिपुत्र रेलवे स्टेशन पर जमिकऽ हंगामा कयलनि। पर्याप्त ट्रेन सेवा उपलब्ध नहि हेबाक कारणे आक्रोशित छात्र लोकनि स्टेशन परिसर मे तोड़फोड़ आ पथराव कयलनि। एहि सँ रेलवेक संपत्ति कें नोकसान भेल अछि। पटनाक पुलिस महानिरीक्षक जीतेन्द्र राणा जनौलनि जे पुलिसक हस्तक्षेप सँ स्थिति के सामान्य कऽ ट्रेन सभक परिचालन शुरू कयल गेल। एम्हर, ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार अभ्यर्थी लोकनि द्वारा तोड़फोड़ के एहि कारवाई कें अनुचित जनबैत कहलनि जे सरकार एहि मामिला मे दोषी सभक विरूद्ध कडगर कारवाई करत। ओतहि, राजदक प्रवक्ता मृत्युंजय तिवारी आरोप लगौलनि अछि जे रेल प्रशासन आ सरकारक दिस सँ परीक्षार्थी सभक लेल परीक्षा स्थल धरि पहुँचेबाक कोनो उचित व्यवस्था नहि कयल गेल छल।

—————————————————————————————

बिहारक महा अधिवक्ता पी.के.शाही अपन पद सँ त्यागपत्र दऽ देलनि अछि। हुनक त्यागपत्रक संगहि राज्यक सर्वोच्च कानूनी पद रिक्त भऽ गेल अछि। ओना एखन त्यागपत्र के कारणक स्पष्ट जनतब नहि भेटल अछि। श्री शाही के तत्कालीन महा अधिवक्ता ललित किशोरक त्यागपत्र के बाद सोलह जनवरी दू हजार तेईस के बिहारक महा अधिवक्ता नियुक्त कयल गेल छलनि।

—————————————————————————————

असम के जोरहाट हवाई अड्डा पर काल्हि भेल विमान दुर्घटना मे शहीद बिहारक दू वीर सपूत फ्लाइट लेफ्टिनेंट शुभम कुमार आ अग्निवीर दानिश आलम कें पार्थिव शरीर आइ पटनाक बिहटा वायुसेना स्टेशन पर पहुँचल। एहि अवसर पर भारतीय वायुसेना दुनू शहीद कें सैन्य सम्मानक संग अंतिम बिदाई देलक।

—————————————————————————————

बिहार इंटरवेंशनल काउंसिल दू हजार छब्बीसक चारिम वार्षिक सम्मेलन आइ पटना मे आयोजित कयल गेल। कार्यक्रम मे हृदय रोगक आधुनिक उपचार, नव तकनीक आ जटिल मामिलाक प्रबंधन पर विशेषज्ञ लोकनि अपन अनुभव साझा कयलनि। वरिष्ठ कार्डियोलॉजिस्ट डॉ. बी.बी. भारती कहलनि जे मोटापा, तनाव आ शारीरिक गतिविधि मे कमी के कारणे हृदय रोगक मामिला बढ़ि रहल अछि।

—————————————————————————————

प्रदेश मे एखन मानसूनक स्थिति बनल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक बेसीतर भाग मे बरखाक संभावना अछि। एहि दरमियान ठनका खसबाक संगहि चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रति घंटा के गति सँ हवा सेहो चलि सकैत अछि।

—————————————————————————————

समाप्त